

PWOSESIS EVALYASYON AN

Yon komite revizyon ki gen yon manm nan Depatman Finans lan, nan Biwo Majistra a ansanm ak ajan lyezon ak kominote a ap evalye demann yo an fonksyon griy evalyasyon ki anba a. Rekòmandasyon ki baze sou nòt kandida yo pral jwenn Majistra a apre. Y ap evalye tout moun ki aplike yo ak jistès epi ak egalite kenpòt gwosè òganizasyon an. A pati de **premye fevriye 2022**, y ap egzamine tout kandidati yo epi y ap bay kandida yo kenbe yo yon lèt epi yon kontra sibvansyon avan **21 fevriye 2022**. Griy evalyasyon an ap konfòm ak repons yo fè nan kandidati a epi y ap evalye yo nan fason sa:

GRIY EVALYASYON PWOPOZISYON YO			
Kritè	Fèb/Bazik = 1 pwen	Bon/Mwayen = 2 pwen	Ekselan/Pi wo pase nivo mwayèn = 3 pwen
Evalyasyon Bezwen yo	Bezwen/Priyorite yo dekri tou piti tankou sèlman yon senp koz valab, pa gen okenn fondman estatistik pou sèvis òganizasyon an gen entansyon bay la.	Bezwen/Priyorite yo reflete nan rezilta yo epi yo bay done minimal la.	Oganizasyon an byen idantifye pwoblèm nan ansanm ak popilasyon l ap gen pou l sèvi a nan yon fason konpreyansib epi li kapab montre bezwen an nan reyalyte a ansanm ak chif epi done ki verifyab. Pwojè an ta dwe pa rapò ak kominote a an jeneral
Bi ak Objektif	Bi ak objektif yo ki gen rapò ak pwopozisyon an pa byen dekri.	Bi ak objektif yo ki gen rapò ak pwopozisyon an byen dekri.	Bi ak objektif yo ki gen rapò ak pwopozisyon an byen dekri epi yo klarifye sa pwogram lan vize a.
Kritè enpak ak règ final pwovizwa	Òganizasyon an pa byen dekri enpak COVID-19 te genyen sou òganizasyon an epi l pa respekte direktiv pou kalifikasyon an konsènan règ final pwovizwa a.	Òganizasyon an bay kèk repons konsènan enpak COVID-19 epi byen dekri kijan sa lye ak règ final pwovizwa a.	Òganizasyon an bay done anpirik byen detaye sou enpak COVID-19. Yo bay yon repons detaye sou kijan pwopozisyon an lye ak règ final pwovizwa a.
Bidjè Pwopoze	Bidjè ki pwopoze a enkonplè epi li pa pale de depans akseptab yo.	Bidjè ki pwopoze a konplè epi li byen pale de depans akseptab yo.	Bidjè ki pwopoze a byen konplè epi li byen pale de depans akseptab yo.
Mezi Pèfòmans	Pwopozisyon an pa byen dekri mezi pèfòmans yo.	Pwopozisyon an dekri yon tikras mezi pèfòmans yo.	Mezi pèfòmans yo dekri an detay ansanm ak prèv anpirik pou sipòte l epi li dekri byen klè efikasite pwopozisyon an
Kwonoloji Aktivite yo	Pwopozisyon an pa bay yon bon kalandriye pou aktivite yo.	Pwopozisyon an byen dekri kalandriye aktivite òganizasyon an.	Òganizasyon an bay yon kalandriye detaye pou aktivite yo.

GRIY EVALYASYON PWOPOZISYON YO			
Kritè	Fèb/Bazik = 1 pwen	Bon/Mwayen = 2 pwen	Ekselan/Pi wo pase nivo mwayèn = 3 pwen
Sitiyasyon Finansye ak Fòs	Òganizasyon an pa byen bay dokiman finansye yo mande yo.	Òganizasyon an byen bay dokiman finansye yo mande yo.	Òganizasyon an bay tout dokiman finansye yo mande yo.
Dirabilite	Pwopozisyon an pa byen dekri dirabilite a apre sibvansyon an fin itilize.	Pwopozisyon an byen dekri kòman y ap kenbe pwogram lan lè sibvansyon an fin itilize.	Pwopozisyon an dekri an detay kòman y ap kenbe pwogram lan lè sibvansyon an fin itilize.
NÒT			